

Reyalite sou fo enfòmasyon kouran k ap sikile sou vaksen COVID-19 la.

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Gen anpil enfòmasyon sou vaksen COVID-19 la. Anpil ladan yo pa verite. Aprann verite yo epi rete an sante.

Lejann: Vaksen COVID-19 yo pa fyab paske yo fèt twò rapid.

Verite: Li syantifikman pwouve ke vaksen yo fyab epi yo efikas.

Vaksen COVID-19 la te pase esè klinik ak egzamen ki pwouve ke yo san danje pou yo ka jwenn otorizasyon nan men Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA). Plis pase 40,000 moun te patispe nan esè klinik vaksen Pfizer a, ak plis pase 30,000, nan esè Moderna yo.

Lejann: Vaksen COVID-19 lakoz anpil trè move efè segondè ak reyaksyon alèjik.

Verite: Vaksen an ka senpleman lakoz ti efè segondè ki pa grav tankou tout lòt vaksen yo.

Efè segondè ki pi kouran yo se fatig, tèt fè mal, doulè oubyen kote ou pran piki a ka vin wouj, ak doulè miskilè oubyen doulè nan jwenti. Efè segondè tankou sa yo, menmsi yo ba w ti pwoblèm, yo se siy ki montre ke kò w ap travay pou l pwoteje tèt li kont viris ki lakoz COVID-19 la. Moun ki konn genyen move reyaksyon alèjik ak engredyan vaksen sa pa ta dwe pran vaksen an.

Lejann: Mwen pa gen risk pou m tonbe malad grav ak COVID-19 la, kidonk mwen pa bezwen vaksen an.


Verite: Kenpòt nivo risk ou a ye, ou ka toujou pran viris la epi simaye l.

Lè vaksen an disponib an kantite, epi yo bay tout adilt ki elijib otan ke yo kapab, sa ap ede nou pwoteje kominote nou yo kont viris la – yo rele sa tou iminite kolektif.

Lejann: Mwen ka pran COVID-19 la nan vaksen an.

Verite: Ou pa ka pran COVID-19 la nan vaksen an.

Onkenn nan vaksen COVID-19 ki apwouve yo pa itilize viris la vivan. Pa gen anyen nan vaksen an ki ka lakoz COVID-19 la. Vaksen Pfizer ak Moderna yo itilize ARNm, ki vle di asid ribonikleyik mesaje. ARNm nan aprann selil nou yo kòman pou yo fabrike yon pwoteyin ki ap pwovoke yon repons iminitè nan kò nou. Repons iminitè sa, ap pwodwi antikò, k ap pwoteje nou kont enfeksyon si bon viris la ta antre nan kò nou.



**Tout moun
ki dakò ak
yon vaksen
COVID-19, leve
men nou.**

Lejann: Vaksen COVID-19 la ka chanje ADN mwen oubyen konstitisyon jenetik mwen.

Verite: Vaksen an pa ka chanje ADN oubyen konstitisyon jenetik yon moun.

ARNm ki nan vaksen an p ap janm afekte oubyen entèraji ak materyèl jenetik ou nan nenpòt ki fason. Kò a ap debarase l de ARNm nan aprè youn oubyen 2 semèn.

Lejann: Itilizasyon ARNm nan vaksen yo se yon nouvo teknoloji ke nou pa konn twòp bagay de li.

Verite: Syantifik yo ap etidye itilizasyon ARNm nan vaksen yo depi plizyè deseni.

Lejann: Mwen te gen COVID-19 la deja, kidonk mwen pa bezwen vaksen an.

Verite: Ou dwe pran vaksen an, menmsi ou te genyen COVID-19 la deja.

Ekspè yo pa konnen si antikò kont enfeksyon an ka pwoteje yon moun si li retounen enfekte ankò. Ou ka pran vaksen an depi sentòm ou yo kanpe ak aprè peryòd izòlman yo rekòmande a.

Lejann: Vaksen an mete yon ti pis retrasaj nan moun nan.

Verite: Pa gen dispozitif retrasaj nan vaksen an.

Pa gen ti pis oubyen dispozitif retrasaj nan vaksen an. Lejann sa yo kòmanse sou entènèt avèk fo deklarasyon sou ti pist pou retrase moun nan vaksen yo.

Lejann: Si m fè alèji ak ze, mwen p ap ka pran vaksen COVID-19 la.

Verite: Vaksen COVID-19 la pa gen ze ladann.

Lejann: Vaksen COVID-19 la fèt avèk tisi fetal (tisi ti bebe ki nan vant ki poko fin fòme).

Verite: Vaksen an pa gen tisi fetal (tisi ti bebe ki nan vant ki poko fin fòme)

Engredyan ki nan vaksen yo se ARNm, dlo sale, amin ansanm ak sik.

Lejann: Depi m fin pran vaksen COVID-19 la, mwen pa bezwen mete mas ankò.

Verite: Ou dwe kontinye mete yon mask epi mete distans sosyal yo an pratik aprè w fin pran vaksen an.

Menmsi w fin pran vaksen an, ou dwe toujou swiv konsèy sekirite COVID-19 yo. Vaksen an pwoteje w kont maladi COVID-19 la, men ekspè yo pa konnen si ou pa ka toujou pote viris la epi simaye l bay lòt moun.



Pale ak founisè swen sante w la si w ta genyen nenpòt kesyon. Aprann plis sou vaksen COVID-19 la nan nychealthandhospitals.org/covidvaccine.

